



Lekòl Primè Snively

Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
Nivo Akademik Elve	Rekonèt bezwen yo e mete diferant kalite aprantisaj. Mete atelye/materyèl pou fanmi yo itilize lakay yo.	Fè konfyans e devlope yon zanmtay avèl lekòl e pwofesè pitit ou nan lide pou satisfè bezwen akademik pitit ou.	Toujou eseye travay ak meyè kapasite w, nan aktivite lekòl ou e nan konduit ou.
Kontwòl pwogrè Elèv yo	Mete aktivite nan pwogram byen bati k'ap ranfòse aprantisaj efikas nan vize bezwen chak grenn elèv atravè aktivite akademik e konduit.	Fikse yon abitud pou pitit ou fè devwa li, pou l fè lekti chak jou, pou l reflechi sou aktivite lekòl chak jou, ak aktivite k'ap ranfòse sa pitit ou ap aprann lekòl la.	Revize devwa yo ba ou yo pou w ranfòse sa w'ap aprann chak jou yo. Fè jefò pou w fè meyè sa w ka fè epi vin lekòl la dispoze pou w aprann. Respekte tèt ou, lekòl la ak lòt moun nan toujou montre konpòtman pozitif.
Bon Jan Rapò Patisipasyon	Fikse e kenbe kominikasyon ki toujou ouvè ak chak elèv e ak chak paran/fanmi, epi mentni orè rankont k'ap bon pou tout moun pou reflechi sou pwogrè elèv yo.	Vini nan aktivite lekòl yo e nan rankont ak pwofesè pitit ou.	Patisipe nan tout aktivite lekòl pandan w ap kenbe yon atitud pozitif epi respekte tèt ou, lekòl la ak lòt moun.
Kominikasyon Rete Enfòmè	Kontwòle prezans elèv yo epi fè swivi nan rele paran yo nan telefòn. Kominike chak jou nan kanè leson yo e nan klasè Mèkredi yo.	Siyen kanè leson an chak jou e tvheke klasè Mèkredi a.	Pote tout avi lekòl la voye bay paran w e fè yo siyen kanè leson an e pote l retounen lekòl la.
Espas Aprantisaj	Founi pwosesis ansèyman avèk swen atrave eksplorasyon kreatif men nan men nan yon environman edikatif.	Bay pitit ou yon lè kòrèk ak yon espas trankil pou l fè devwa li yo.	Dispoze w chak jou pou w aprann lakay ou e nan lekòl la.

Vizite sit entènèt WWW.POLK-FL.NET pou enfòmasyon enpòtan:

Sit PARENT PORTAL: www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm
 POU VOLONTÈ: www.polk-fl.net/community/volunteers
 SANT PARAN YO: www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm
 INIVÈSITE PARAN YO: www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm
 KONDISYON LEKÒL FLORID YO: <https://flstandards.org>
 EGZAMEN: www.polk-fl.net/parents/testing

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.
<http://citrusridge.polk-fl.net/>

Si w pa gen aksès nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-259-4001.

Paraf:
 Paran _____
 Elèv _____
 Pwofesè _____



Yo te debat pake kontra sa a nan dat _____.